

Kamardikan lan Para Ndara

Dimuat Suara Merdeka, Minggu, 16 Agustus 2015

Oleh: Heri Priyatmoko SS MA

Dosen Sejarah, Fakultas Sastra, USD

Tahun 66 no 176

Taun 2015, bangsa kita mengeti dina kamardikan Indonesia genep 70 taun. Warga kampung padha sayuk rukun ngebet gapura, pasang umbul-umbul lan nganakake lomba maneka warna. Kajaba kahanan dadi regeng, bocah cilik padha diwenehi kawruh babagan semangat proklamasi kamardikan 17 Agustus 1945 kang dadi srana pejuang Indonesia ngempur peodalisme lan kolonialisme tekan oyote.

Pancen nyata, ideologi cacah loro iku mau nyengsarake masarakat Nuswantara pirang-pirang abad. Rikala semana, ana klompok pribumi kang wegah nampa kasunyatan Indonesia ucul saka jepitan driji kolonialisme lan peodalisme, yaiku bangsawan lan priayi krajan. Paham egaliter sumebar saka para nasionalis, supaya kuwat nglawan antek penjajah lan sapa wae kang nyengkuyung jagad peodal.

Ana klompok ndara seneng ngasorne sepepadhane, njaluk disubya-subya, lan ngidak wong cilik. Ndara iku ringkesan saka tembung bandara, kang kecatet bangsawan luhur kraton, bisa anak, putu, buyut, canggah lan wareng raja. Ndara duweni keistimewaan saka lahir amarga klebu “geteh biru” atawa kasebut trahing kusuma rembesing madu.

Mbiyen, para ndara ing ngomah sinambi lungguh ongkang-ongkang wis diblanja saka kraton kang dijupukne saka *civiele lijst* (catetan isine asma para pegawe lan kluarga raja kang entuk tunjangan kraton). Kahanan iku pancen wis diatur ing layang perjanjian Paku Buwana X karo pamrintah Walanda. Sedurunge, cukup diwenehi blanja awujud lemah bengkok, banjur dibrusak wiwit jamane Paku Buwana X.

Danang Priatmodjo (2004) ing desertasine nyerat, sak wise mardika atawa Kasunanan lan Mangkunegaran kelangan daya pulitike, posisi lan peran ndara ilang. Dheweke ora nampa blanja jalanan duit saka *civiele lijst* disetop pamarintah Republik Indonesia. Gerakan anti-swapraja menang, akibate para bangsawan ora kajen kaya adate, uga ora disubya-subya utawa dibedha-bedhakne karo anggota masarakat liyane. Pangwaswa ing telatah Surakarta ora diurmati tumrap masarakat Sala. Beda karo warga Yogyakarta, gelem paring urmat marang junjungane: Hamengku Buwana IX lan Paku Alam VIII.

Kasunyatan iku nggawa konsekuwensi, yaiku ndara ora duwe papan kusus ing tatanan sosial masarakat. Dheweke diaku padha karo priayi atawa pegawe negeri. Suwaliike, kahanan bakul pasar lan juragan luwih kajen martabate amarga status ekonomine luwih apik tinimbang priayi lan ndara kang wis tiba mlarat. Jaman sak durunge Indonesia mardika, juragan utawa wong ndagang ora bakal direken bangsawan kraton, ming dianggep sak lumrahe wong.

Kurang luwih petangpuluhan taun sak wise mardika, tembung “ndara” lan “priayi” isih kerep dinggo, nanging maknane derogatif. Tembung ndara nggambarte wong males nyambut gawe, tukang ngereh, lan sak umpama lanang doyan rabi. Tembung priayi negesake wong kang ora saguh nyambut gawe abot, ajeg dandan necis lan seneng nggawe aturan njimet. Semangat bakulan utawa *entrepreneursip* ora tumemplek ing awake ndara lan priayi, nanging kondang ngrumat jiwa *ambternaar* (pegawe pamarintahan). Lumrahe ngayahi prentahe pimpinan, uga ora bisa mbukak lapangan pagaweyan. Tembung ndara lan priayi wis susut lan dimaknani “sikap” kang ora selaras karo kamajuan jaman lan dituding nyrimpet-nyrimpeti.

Kahanan kaya ngene iki wis puluhan taun dilakoni krabat lan abdi dalem kraton Kasunanan. Komunitas kraton genti ora direken warga Sala. Gelar lan pangkat bangsawan ora ana paedahe, uga diasorake lantaran isih dianggep warisane peodal. Akibate, akeh krabat

kraton nyopot gelar lan pangkate supaya luwih gampang ditompo ing sesrawungan warga. Krabat lan abdi dalem isih ajeg nglakoni tata cara adat atawa tradisi kraton. Identitas wong kraton ditampilne ing njero kraton lan wancine klumpukan trah.

Bedha karo priayi kang mumpuni bab seni kaya para pangrawit lan penari kraton. Sanajan negarane mardika lan kraton bangkrut, rombongan seniman iku isih bisa ngrembaka, paribasan wetenge ora kalireng. Katrampilane dibutuhne negara kanggo ngajari bocah-bocah sinau seni ngiras pantes nguri-nguri kabudayan warisan kraton. Saking temen sing ngrumat seni, priayi-seniman iku kaangkat dadi pegawe negeri lan entuk gelar empu saka pamrentah. Uga bebas nyantumne gelar saka kraton, kayata kanjeng raden tumenggung lan lurah raden. Bab kang mbedakne nasib mujur-apese ndara lan priayi seniman, yaiku katrampilan kang diduweni. Masarakat ngregani banget tumrap priayi-seniman amarga kawruhe panceñ dibutuhne. Ndara ora duwe katrampilan, seneng urip nglaras, mangan enak, nanging wegah makarya lan adus luh. Uripe ming njagakne asok bulu bekti glondong pangareng-areng saka wong cilik lan blonjo saka kraton, dadine ora nggumun kawit mbiyen ora duwe kamandirian ekonomi. Banjur pas negara mardika, padha mbingungi dhewe. Adol apa duweke kanggo nyambung urip.

Sak teruse sujarah Indonesia panceñ ora mihak klompok peodal. Mula, crita sujarah kamardikan bangsa Indonesia dadi kenangan pait kaya kopi tanpa gulo. Nanging, kanggone masarakat Indonesia adate malah kasebut lawang pembebasan. Mula kanggo mengeti hari kamardikan, warga kampung nganakake lomba munggah pring, gebuk banyu, lan mangan krupuk nuduhane ati bungah. Bocah cilik padha surak-surak kaya sing dialami warga Indonesia 70 taun kepungkur. Lunjak-lunjak pertanda syukur lan seneng amarga para ndara lan priayi ora bakal nindes lan ngereh maneh.